



Byenvini nan Senior Whole Health ke Molina Healthcare bay nan kad plan Managed Long-Term Care

 Senior Whole Health
BY MOLINA HEALTHCARE

Byenvini nan Senior Whole Health ke Molina Healthcare (SWH NY) bay nan kad plan Managed Long-Term Care (MLTC). Plan MLTC a fèt espesyalman pou moun ki genyen Medicaid e ki bezwen Sèvis Sante Alontèm ak sou Baz Kominotè epi Sipò (CBLTSS) tankou swen adomisil ak swen pèsonèl pou yo rete lakay yo ak nan kominote yo toutotan sa posib.

Manyèl sa a pale sou avantaj anplis SWH NY la kouvri etandone ou enskri nan plan an. Epitou li pale sou fason pou w mande yon sèvis, pote yon plent oswa soti nan SWH NY la. Tanpri kenbe manyèl sa a kòm referans. Li gen ladann enfòmasyon enpòtan konsènan SWH NY la ak avantaj plan nou an. Ou bezwen manyèl sa a pou w aprann ki sèvis ki kouvri ak fason pou w jwenn sèvis sa yo.



Èd nan men Sèvis Manm yo

Ou ka rele nou nenpòt lè, 24 sou 24, 7 jou pa semèn nan nimewo Sèvis Manm nan ki pi ba a:



(877) 353-0185 (TTY: 711)

Materyèl nou yo disponib nan lòt lang ak lòt fòma gratis. Ou ka fè yon demann lè w rele Sèvis Manm yo nan nimewo telefòn ki pi wo a.

Kalifikasyon pou anrejistremèn nan plan MLTC a

Plan MLTC a se pou moun ki genyen Medicaid. Ou kalifye pou w antre nan plan MLTC a si ou:

1. Ou gen 18 lane e plis,
2. Ou rete nan yon zòn plan an desèvi ki gen ladann konte ki annapre yo:
 - a. Westchester
 - b. Bronx
 - c. New York
 - d. Kings
 - e. Queens
 - f. Nassau
 - g. Suffolk
3. Ou genyen Medicaid,
4. Ou genyen Medicaid sèlman oswa ou gen laj ant 18-20 lane ak ni Medicaid ak Medicare e ou kalifye pou swen nivo mezon retrèt,
5. Kapab nan moman enskripsyon an swa tounen swa rete lakay ou ak nan kominote a san danje pou sante w ak sekirite w, epi
6. Yo atann pou w nesesite omwen yonn nan Sèvis ak Sipò Alontèm ki Baze nan Kominote a ki annapre a (CBLTSS) ki kouvri nan Plan MLTC a pandan yon peryòd ki pa kanpe ki plis pase 120 jou apati dat enskripsyon an:
 - a. Sèvis enfimye adomisil
 - b. Terapi adomisil
 - c. Sèvis èd sante adomisil
 - d. Sèvis swen pèsonèl adomisil
 - e. Swen sante lajounen pou gramoun
 - f. Swen enfimye prive; oswa
 - g. Sèvis Asistans Pèsonèl Pou Konsomatè

Kouvèti ki esplike nan manyèl sa a antre an vigè nan dat enskripsyon w nan plan SWH NY MLTC a. Enskripsyon nan plan MLTC a se yon bagay volontè.

Pwogram Evalyatè Endependan New York (New York Independent Assessor Program, NYIAP) - pwosesis evalyasyon inisyal

Kòmanse nan dat 1ye Desann 2022, NYIAP te demare ak evalyasyon inisyal akselere a sou baz yon bezwen imeda pou PCS ak/oswa CDPAS.

Pwosesis evalyasyon inisyal la gen ladann konplete:



Evalyasyon sante kominotè a (Community Health Assessment, CHA):

Yo itilize CHA a pou wè si ou bezwen swen pèsonèl epi/oswa sèvis asistans pèsonèl pou konsomatè a (PCS/CDPAS) e ou kalifye pou enskripsyon nan yon plan Managed Long-Term Care.



Randevou klinik ak òdonans pratisyen (Practitioner Order, PO):

PO a dokimante randevou klinik ou epi li di ke ou:

- Gen bezwen èd pou aktivite chak jou, epi
- Kondisyon medikal ou estab sa vle di ou ka resevwa PCS ak/oswa CDPAS lakay ou.

NYIAP a ap pwograme randevou pou ni CHA a ni nan klinik. Se yon enfimyè diplome (Registered Nurse, RN) ki jwenn fòmasyon k ap ranpli CHA a. Aprè CHA a, yon klinisyen nan NYIAP a pral konplete yon randevou klinik ak PO kèk jou annapre.

SWH NY ap itilize CHA a ak rezulta PO a pou gade ki kalite èd ou bezwen epi kreye yon plan swen pou ou. Si plan swen w lan pwopoze PCS ak/oswa CDPAS

pou plis pase 12 èdtan pa jou an mwayèn, Panèl Revizyon Endependan NYIAP la (Independent Review Panel, IRP) ap oblige fè yon revizyon separe. IRP a se yon panèl ki genyen pwofesyonèl medikal ki pral revize CHA ou a, PO ou a, plan swen w lan ak nenpòt lòt dokiman medikal. Si yo bezwen plis enfòmasyon, yon moun nan panèl la ka egzamine w osa diskite de sa ou bezwen ansanm avè w. IRP a ap fè yon rekòmandasyon bay SWH NY la pou di si plan swen an konble bezwen w.

Yonfwa NYIAP konplete etap evalyasyon inisyal yo epi detèmine ke ou kalifye pou Swen Alontèm Medicaid ap Jere, aprè sa ou chwazi nan ki plan Managed Long-Term Care w ap enskri.

Fason pou w enskri

Si w ta renmen enskri nan SWH NY, ou dwe pase nan yon pwosesis kalifikasyon ak NYIAP k ap gen ladann yon evalyasyon ke NYIAP ap fè. Pou transfè de yon plan a yon lòt, yon nouvo evalyasyon NYIAP pa nesesè.

Objektif evalyasyon an se pou verifye kalifikasyon w pou plis pase 120 jou sèvis swen alontèm san kanpe.

Yonfwa NYIAP detèmine ke ou kalifye pou enskri nan yon plan MLTC, y ap ba ou opòtinite pou w chwazi yon plan MLTC ke ou vle.

Si w chwazi SWH NY, yon enfimyè ap kontakte w pou pwograme yon vizit telesante oswa an pèsòn pou revize CHA a epi konplete yon plan swen sou baz evalyasyon NYIAP la. Epitou n ap fè yon vizit adomisil pou revize CHA a epi devlope plan swen ou a, depi sa nesesè. Pandan revizyon CHA a, y ap ofri w yon plan swen sou baz plan sèvis santre sou konsomatè ou a, objektif ak bezwen pèsonalize. Si w aksepte plan swen SWH NY la sou baz NYIAP CHA a, epi ou chwazi SWH NY lè sa a SWH NY ap konplete dokiman enskripsyon w lan. Y ap voye dokiman enskripsyon w lan bay New York Medicaid Choice pou w ka enskri nan SWH NY. Ou ka enskri nan SWH NY:

- Si evalyasyon NYIAP la ak dokiman enskripsyon yo konplete anvan 20yèm jou nan mwa nou ladann nan, enskripsiyan w lan ap antre an vigè premye jou nan pwochen mwa a.
- Si evalyasyon NYIAP la ak dokiman enskripsiyan yo pa konplete anvan 20yèm jou nan mwa nou ladann nan, enskripsiyan w lan ap antre an vigè pou pita premye jou nan dezyèm mwa a.

Fason pou w retire enskripsiyan ou

Ou ka chanje lide epi retire enskripsiyan w lan - menmsi ou te gentan konplete dokiman pwoesisis enskripsiyan an. Ou menm oswa yon lòt moun nan plas ou ka di nou swa aloral oswa alekri ke ou vle retire enskripsiyan w nan SWH NY anvan midi nan 20yèm jou nan mwa a anvan premye jou nan mwa ou t ap enskri nan SWH NY la. Aprè 20yèm jou nan mwa a, epi ou enskri ou ka toujou kite SWH NY lè w mande yo retire enskripsiyan w lan volontèman. SWH NY ap trete yon demann retrè enskripsiyan ke ou menm oswa yon moun nan plas ou fè menm kote yo resevwa demann nan nenpòt lè anvan oswa pandan pwoesisis enskripsiyan an, e menm aprè ou fin konplete enskripsiyan w lan.


Kisa k ap rive si yo refize enskripsiyon m nan?

Si SWH NY rekòmande pou yo refize yon enskripsiyon, plan an ap enfòme New York Medicaid Choice (NYMC) epi si NYMC dakò, y ap voye yon lèt ba ou pou fè w konnen desizyon an.

Kat manm plan an (ID)

W ap resevwa kat idantifikasyon SWH NY ou a nan espas 7-10 jou apati dat enskripsiyon w lan antre an vigè. Tanpri verifye ke tout enfòmasyon yo kòrèk sou kat ou a. Asire w ou toujou mache ak kat idantifikasyon w lan ansanm ak kat Medicaid ou a.

Si kat ou a pèdi oswa yo vòlè l, tanpri kontate Sèvis Manm yo nan
(877) 353-0185 (TTY: 711)



Sèvis SWH NY kouvri

Sèvis Jesyon Swen

Antanke yon manm nan plan nou an, w ap resevwa sèvis jesyon swen. Plan nou an ap ba ou yon jesyonè swen ki se yon pwofesyonèl swen sante - an jeneral yon enfimyè oswa yon travayè sosyal. Jesyonè swen w lan ap travay avè w ak doktè w la pou deside ki sèvis ou bezwen epi devlope yon plan swen. Epitou jesyonè swen w lan ap mete randevou pou nenpòt sèvis ou bezwen epi fè aranjman pou transpò pou al pran sèvis sa yo.

Jesyonè swen an se yon klinisyen ki gen eksperyans nan swen alontèm, swen espesyalize, swen kominotè ak konesans nan sèvis adomisil ak sou baz kominotè epi sèvis sipò alontèm. Jesyonè swen an genyen konesans ak eksperyans nan swen ti granmoun, maladi frajil e ki kwonik epi li konprann kondisyon tankou demans, maladi Alzaymè, sante konpòtmantal ak lòt defisyans aprantisaj. Jesyonè swen yo travay ansanm avè w pou ede w jere swen w ak kondisyon yo.

Jesyonè swen w lan ap travay avè w pou kreye yon Plan konplè Sèvis Santre sou Moun (Person-Centered Service Plan, PCSP) ki apwopriye pou swen ak sèvis ou bezwen yo. Jesyon swen yo ede w jwenn sèvis ki kouvri ki idantifye nan PCSP ou a ni sèvis medikal, sosyal, edikasyon, finansyè ak lòt sèvis ki sipòte PCSP ou a.

Jesyonè swen w lan ap rankontre avè w omwen yon fwa pa mwa ak chak tan sa nesesè pou revize PCSP ou ak sèvis ki nesesè yo. Y ap revize tou kondisyon sante w pou kounye a epi konfime ke ou toujou kalifye pou swen ak sèvis ki otorize nan PCSP ou a. Ou ka rele jesyonè swen w lan oswa yon manm nan ekip jesyon swen w lan pou w mande nenpòt sèvis ki pat otorize oswa fè pati PCSP ou a anvan sa epi mande pou yo otorize sèvis sa yo nan PCSP ou a. Jesyonè swen w lan ak lòt manm nan ekip swen entèdisiplinè w la ap revize demann ou an epi fè w konnen si demann nan oswa sèvis la apwouve epi y ap ajoute l nan PCSP ou a.

Jesyonè swen yo disponib 24/7

Ou ka rele pou w pale ak yon jesyonè swen 24/7. N ap reponn apèl nou resevwa nan wiken, jou ferye ak aprè lè biwo nan menm jou nou resevwa yo a pa mwayen jesyonè swen ki sou pòs la. Rele jesyonè ou a nan (877) 353-0185 (TTY:711).

Planifikasyon swen ki santre sou moun e ki fleksib

Nou konprann bezwen w ak sèvis yo ka chanje. Nou fleksib nan devlopman yon PCSP ki konble bezwen chak gress moun. Avantaj nou yo gen ladan yo yon pakèt sèvis sipò alontèm ak sèvis adomisil ak kominotè k ap ede w kenbe endependans ou pandan ou rete lakay e nan kominate a. Jesyonè swen w lan ap travay avè w, doktè w la (ak yon moun k ap bay swen oswa manm fanmi, si w vle) pou devlope PCSP ou a epi pou ede ou menm ansanm ak fanmi w detèmine sèvis medikal ak sosyal ki apwopriye. W ap resevwa PCSP ou a ki apwouve nan espas 15 jou ou fin enskri nan SWH NY epi yon lòt fwa ankò pandan reyevalyasyon oswa evalyasyon anyèl ou a.

Sèvis Adisyonèl ki Kouvri

Etandone ou gen Medicaid e ou kalifye pou MLTC, plan nou an ap fè aranjman epi peye pou sèvis sante ak sosyal anplis ki dekri pi ba a. Ou ka jwenn sèvis sa yo si yo nesesè nan domèn medikal, sa vle di, yo nesesè pou fè prevansyon oswa trete maladi oswa andikap ou genyen. Jesyonè swen w lan ap ede pou idantifye sèvis ak founisè ou bezwen. Nan kèk ka, ou ka bezwen yon referans oswa yon òdonans nan men doktè w la pou jwenn sèvis sa yo. Ou dwe pran sèvis sa yo nan men founisè ki nan rezo SWH NY la. Si w pa ka jwenn yon founisè nan plan nou an, ekip jesyon swen ak jesyon itilizasyon SWH NY la ap kowòdone epi mande sèvis ki nesesè nan domèn medikal yo nan men yon founisè ki pa nan rezo a toutotan ou bezwen sèvis sa yo ki kouvri an jeneral e ki nesesè nan domèn medikal, e sèvis yo pa disponib nan men okenn founisè nan rezo a.

Nan kad peosesis sèvis ki santre sou moun nan, ekip jesyon swen w lan ap travay avè w ak founisè swen prensipal (Primary Care Provider, PCP) ou a pou evalye sèvis ki kouvri yo ak swen ou bezwen pou yo otorize epi mete nan plan sèvis ki santre sou moun ou an. Sèvis ki kouvri e ki otorize nan plan swen w lan dwe apwouve pa jesyonè swen w lan ak ekip jesyon itilizasyon an anvan pou

yo otorize yo. Ekip jesyon swen w lan ap travay ak PCP ou a ak/oswa espesyalis pou jwenn nòt preskripsyon pou sèvis sa yo:

- Reyabilitasyon deyò lopital la.
- Swen pèsònèl (tankou asistans ak benyen, manje, abiye, mache epi al nan douch la).
- Sèvis swen sante adomisil ki pa kouvri pa Medicare ki gen ladann enfimyè, èd sante adomisil, ègoterapi, fizyoterapi ak òtofoni.
- Nitrisyon.
- Sèvis sosyal medikal.
- Manje ki delivre adomisil ak/oswa manje nan kad yon gwooup tankou yon gadri.
- Gadri sosyal.
- Swen enfimye prive.
- Sèvis dantè.

- Sipò sosyal/anviwònmantal (tankou travay nan kay, modifikasyon nan kay oswa repo)
- Sistèm repons ijans pèsònèl.
- Swen sante lajounen pou granmoun.
- Swen nan mezon retrèt ki pa kouvri pa Medicare (nou sipoze ou kalifye pou Medicaid enstitisyonèl).
- Odyoloji.
- DME.
- Founiti medikal.
- Pwotèz ak òtèz.
- Optometri.
- Sèvis Asistans Pèsònèl Pou Konsomatè.
- Podoloji.
- Terapi Respiratwa.



Sèvis adisyonèl ki kouvri

Swen sante lajounen pou granmoun

Swen ak sèvis ki bay nan yon etablisman swen sante rezidansyèl oswa anèks ki apwouve dwe bay:

- Anba sipèvizyon medikal yon medsen.
- Pa mwayen estaf swen sante lajounen pou granmoun.
- Sou baz evalyasyon bezwen konplè ak plan swen manm nan.
- Ansanm ak kowòdinasyon k ap kontinye sou plan swen sante a.

Li gen ladann transpò.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Odyoloji

Trètman ak ekipman pou ede w tande pi byen. Egzamen pou wè kijan ou tande ak aparèy pou ede w tande ap soti nan yon rezo lokal, odyolojis endependan ki nan zòn sèvis SWH NY la. Se yon odyolojis ki gen tout lisans li k ap fè chak egzamen. Si w panse ou bezwen yon egzamen pou wè kijan ou tande, nou ka mande w al wè doktè w anvan pou ka sèten ke yon lòt pwoblèm sante pa afekte kapasite w pou tande. Nou kouvri tou batri pou aparèy ki ede w tande yo.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Sèvis Asistans Pèsonèl Pou Konsomatè (Consumer Directed Personal Assistance Services, CDPAS)

Sèvis pou manm ki gen maladi kwonik oswa andikap fizik ki gen yon bezwen medikal pou èd ak aktivite lavi chak jou (ADL) oswa sèvis enfimyè espesyalize. Li gen ladann nenpòt sèvis yon èd swen pèsonèl bay (asistan adomisil), èd swen adomisil oswa enfimyè. Ou gen tout libète pou w chwazi moun k ap ba ou swen yo. Ou menm, oswa moun k ap aji nan plas ou a, responsab pou rekrite, bay fòmasyon, sipèvize epi revoke, si sa nesesè.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Sèvis adisyonèl ki kouvri

Sèvis dantè

Se yon kalite founisè espesyal ki bay sèvis sa a ki trete jansiv ou ak dan w. Se DentaQuest ki bay sèvis dantè yo. Ou ka kontakte yo nan

(855) 343-4272.

Kouvèti w la gen ladann:

- Egzamen bouch ak netwayaj chak ane.
- Danti, ranplisaj ak aliyman ki nesesè nan domèn medikal (yon sèvis konplè chak kat lane).
- Enplan dantè, sa depan de nesesite medikal la.*

*Otorizasyon alavans obligatwa pou enplan dantè. Demann nan dwe akonpaye ak yon lèt doktè a voye ki esplike kijan enplan an pral ede w ak pwoblèm medikal ou a. Anplis de sa, yon lèt dantis la ki esplike poukisa lòt altènativ yo pap korije kondisyon w lan e poukisa ou bezwen genyen enplan.

Ekipman medikal dirab
(Durable Medical Equipment, DME)

Atik k ap ede nan swen sante ou ak pou pran swen tèt ou. DME yo gen ladan yo founiti medikal/chirijkal, fòmil anteral ak para-anteral, batri aparèy ki ede w tande, soulye pwotetik, ôtetik ak ôtopedik, baton pou mache, kabann lopital, chèz woulant, oksijèn ak deyanbilatè. Otorizasyon alavans ka obligatwa pou kèk ekipman.

Livrezon adomisil oswa repa kolektif

Manje yo livre adomisil oswa nan kad repa kolektif, tankou sant pou granmoun ki pa ka prepare manje oswa fè prepare pou yo. Otorizasyon alavans obligatwa.

Sèvis swen sante adomisil
(pa kouvri pa Medicare)

Sèvis ki bay lakay ou. Se kapab estaf ki diplome oswa ki pa diplome ki bay sèvis sa yo. Sa gen ladann enfimyè, èd sante adomisil, ègoterapi, fizyoterapi ak ôtofoni.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Sèvis adisyonèl ki kouvri

Sèvis sosyal medikal

Verifye, fè aranjman epi bay èd pou pwoblèm sosyal yon fason pou w ka rete lakay ou. Se yon travayè sosyal kalifye ki bay sèvis yo e yo bay yo nan kad yon plan pou swen.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Founiti medikal

Pwodui ki nesesè pou rezoud yon kondisyon medikal. An jeneral, pwodui sa yo lòt moun pa ka itilize yo ankò. New York Medicaid pèmèt nou peye pou ba de chè ki bay konpresyon ak sipò sèlman lè yo itilize yo pou trete ilsè venn estaz.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Nitrisyon

Sa gen ladann evalyasyon bezwen nan domèn nitrisyon, devlopman ak evalyasyon plan trètman yo, edikasyon ak konsèy sou nitrisyon. Sa gen ladann konsiderasyon kiltirèl.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Swen nan mezon retrèt (pa kouvri pa Medicare)

Yon mezon retrèt se yon kote pou moun ki pa bezwen nan yon lopital men ki pa ka resevwa swen lakay. Pifò mezon retrèt yo gen èd enfimyè ak enfimyè espesyalize ki la 24 sou 24.

Kèk mezon retrèt amenaje tankou lopital. Estaf la bay swen medikal ansanm ak fizyoterapi, òtofoni ak ègoterapi. Ka genyen yon pòs enfimyè nan chak etaj. Gen lòt mezon retrèt ki eseye plis tankou lè w lakay. Yo eseye fè w santi ou nan yon katye. Souvan, yo pa genyen yon orè fiks chak jou, e kizin yo ka louvri pou rezidan yo. Manm estaf yo ankouraje pou devlope relasyon ak rezidan yo.

Sèvis adisyonèl ki kouvri

Limit:

Swen nan Mezon Retrèt kouvri pou moun yo konsidere kòm yon plasman pèmanan pou omwen twa mwa. Aprè peryòd tan sa a, Swen nan Mezon Retrèt ou a ka kouvri atravè Medicaid regilye, e y ap retire enskripsyon w nan SWH NY la.

Kèk mezon retrèt gen inite swen espesyalize pou moun ki genyen pwoblèm memwa ki grav tankou maladi Alzaymè. Mezon retrèt yo se pa sèlman pou ti granmoun, men pou tout moun ki bezwen swen 24 sou 24. Pou SWH NY peye pou swen nan mezon retrèt, ou dwe kalifye pou w resevwa swen nan mezon retrèt nan Medicaid nan New York.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Optometri

Sèvis pou je gen ladann:

- Egzamen prevansyon chak ane pou je..
- Egzamen pou je ki nesesè nan domèn medikal.
- Linèt ki soti nan men optisyen ki nan rezo a (li dwe nesesè nan domèn medikal).
- Limit la se yon linèt chak dezan so si preskripsyon w lan chanje. Pou manm ki nesesite vè koreksyon pou ni distans ni lekti, ou ka gen yon linèt chak dezan.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Reyabilitasyon deyò lopital la

Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo:

- Fizyoterapi ak ègoterapi
- Terapi langaj lapawòl
- Terapi reyabilitasyon kadyak
- Terapi sosyal ak sikososyal
- Sèvis etablisman reyabilitasyon konplè deyò lopital la
(Comprehensive outpatient rehabilitation facility, CORF)

Otorizasyon alavans obligatwa.

Swen Pèsonèl

Sèvis pou ede w rete lakay olye ou ale nan yon mezon retrèt. Swen pèsonèl gen ladan yo sèvis tankou travay nan kay, prepare manje, benyen, fè twalèt ak netwaye.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Sèvis adisyonèl ki kouvri

Sistèm Repons Ijans Pèsonèl (Personal Emergency Response System, PERS)

Yon aparèy elektwonik ki voye yon siyal si w pa an sekirite oswa ou tonbe e ou pa ka leve poukout ou.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Pedyatri

Swen pou podyològ (doktè pye). Swen pou pye ka gen ladann egzamen inisyal, koupe zong ak retire kal lè sa nesesè nan domèn medikal.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Swen Enfimye Prive

Se yon enfimyè diplome (RN) oswa yon enfimyè oksilyè otorize (LPN) e ki anrejistre aktyèlman nan NYS Education Department la ki dwe bay li. Sèvis yo ka bay atravè yon ajans sante adomisil sètifye ki apwouve, ajans swen adomisil otorize oswa pratisyen prive.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Pwotèz oswa Òtèz

Pwotèz se pati kò a ke yo fè alamen (ki pa pou dan) ki itilize pou ranplase pati nan kò a ki manke.

Òtèz se pyès espesyal yo fè pou soulye w.

- Preskripsyon soulye limite ak trètman dyabèt oswa lè soulye a fè pati yon òtèz pou janm (òtèz).

Otorizasyon alavans obligatwa.

Terapi Respiratwa

N ap kowòdone ak pwofesyonèl swen sante w yo konsènan ekipman, founiti medikal ki nesesè, terapi respiratwa ak oksijèn.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Sèvis adisyonèl ki kouvri

Gadri Sosyal

Gadri sosyal fèt pou l ka yon espas sekirité kote w ka ale pou w resevwa swen epi rankontre ak lòt moun. Sèvis gadri sosyal yo gen ladan yo pase tan ak lòt granmoun, sipèvizon, swen pèsonèl epi èd ak nitrisyon w. Kèk etablisman gadri sosyal gen plis sèvis e yo ka genyen èd pou moun k ap bay swen, èd ak konpetans lavi a, kowòdinasyon swen ak transpò.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Sipò Sosyal/Anviwònmantal

Sipò sosyal se moun ak zouti ki ede w pou rete an kontak ak lòt moun. Sipò anviwònmantal se chanjman nan kay ou ki ogmante kapasite w pou w fè afè w poukонт ou oswa ogmante kapasite w pou ede nan pran swen tèt ou. Sipò sosyal ak anviwònmantal yo gen ladan yo sèvis tankou tach mentnans adomisil, sèvis menaje/travay nan kay, amelyorasyon lojman ak swen repo.

Otorizasyon alavans obligatwa.

Limit

Fòmil anteral ak sipleman nitrisyon yo limite ak moun ki pa ka jwenn nitrisyon atravè okenn lòt mwayen, epi ak kondisyon ki annapre yo:

1. Moun ki manje nan tib ki pa ka moulen oswa vale manje e ki dwe jwenn nitrisyon atravè fòmil pa mwayen tib; ak
2. Moun ki gen twoub metabolism yo fèt avè l ki mande fòmil medikal espesyal pou bay eleman nitritif pa disponib atravè okenn lòt mwayen.

Kouvèti pou yon seri maladi ereditè nan asid amine ak metabolism asid òganik dwe gen ladann manje solid ki modife ki pa gen anpil pwoteyin, oswa ki genyen pwoteyin ki modife.

Swen nan mezon retrèt kouvri pou moun yo konsidere kòm yon plasman pèmanan pou omwen twa mwa. Aprè peryòd tan sa a, swen nan mezon retrèt ou a ka kouvri atravè Medicaid regilye, e y ap retire enskripsyon w nan SWH NY la.

Pran swen andeyò zòn sèvis la

Ou dwe enfòme jesyonè swen w lan lè w ap vwayaje andeyò zòn kouvèti w la. Si w bezwen sèvis andeyò zòn kouvèti w lan, ou dwe kontakte jesyonè swen w lan pou ede w fè aranjman pou sèvis yo.

Sèvis ijans

Sèvis Ijans vle di yon kondisyon ki vin pi mal bridsoukou ki menase sante w anpil. Pou ijans medikal tanpri rele 911. Ou pa bezwen otorizasyon alavans pou sèvis ijans. Sepandan, ou sipoze fè SWH NY konn sa nan espas 24 èdtan ou te gen ijans lan. Ou ka bezwen sèvis swen alontèm ke ou ka jwenn sèlman pa mwayen SWH NY.

Si ou ospitalize, yon manm fanmi oswa lò moun k ap bay swen sipoze kontakte SWH NY nan espas 24 èdtan ou fin antre lopital la. Jesyonè swen w lan ap sispann sèvis swen adomisil ou yo epi anile lòt randevou ou genyen, si sa nesesè. Tanpri asire w ou fè doktè swen prensipal ou a oswa planifikatè egzeyat lopital la konnen pou yo kontakte SWH NY konsa nou ka travay ansanm ak yo pou planifye swen w ap resevwa yonfwa ou egzeyate lopital la.

Pwosedi Swen Tranzisyon

Nouvo manm SWH NY yo ka kontinye yon trètman yo déjà kòmanse pou yon peryòd tranzisyon ki rive jiska 60 jou apati enskripsyon an ak yon founisè swen sante ki pa nan rezo a si founisè a aksepte pèman nan tarif plan an, dakò ak kalite asirans SWH NY yo ak lòt politik epi li bay enfòmasyon medikal konsènan swen w ap resevwa a bay plan an.

Si founisè w la kite rezo a, yon trètman ou déjà kòmanse ka kontinye pou yon peryòd tranzitwa ki rive jiska 90 jou si founisè a aksepte pèman nan tarif plan an, dakò ak kalite asirans pan an ak lòt politik epi li bay enfòmasyon medikal konsènan swen w ap resevwa a bay plan an.

Lajan Vini aprè Moun (Money Follows the Person, MFP) Pòt Louvri

Seksyon sa a esplike sèvis ak sipò ki disponib atravè Lajan Vini aprè Moun (MFP)/Pòt Louvri. MFP/Pòt Louvri se yon pwogram ki ka ede w deplase soti nan yon mezon retrèt tounen lakay ou oswa nan yon rezidans nan kominote a. Ou ka kalifye pou MFP/Pòt Louvri si ou:

- Te viv nan yon mezon retrèt pandan twa mwa oswa plis.
- Ou gen bezwen sante ki ka konble atravè sèvis nan komonite a.

MFP/Pòt Louvri gen moun, ke yo rele espesyalis tranzisyon ak kamarad, ki ka rankontre avè w nan mezon retrèt la epi pale avè w konsènan demenaje tounen nan kominote a. Espesyalis tranzisyon yo ak kamarad yo diferan de jesyonè swen ak planifikatè egzeyat. Yo ka ede w lè yo:

- Ba ou enfòmasyon konsènan sèvis ak sipò nan kominote a.

- Jwenn sèvis ke yo ofri nan kominote a pou ede w pou w ka endepandan.
- Vizite oswa rele w aprè ou fin demenaje pou asire ou genyen sa w bezwen nan kay la.

Pou plis enfòmasyon konsènan MFP/Pòt Louvri, oswa pou planifye yon vizit nan men yon espesyalis tranzisyon oswa kamarad, tanpri rele New York Association on Independent Living nan **(844) 545-7108**, oswa voye imèl **mfp@health.ny.gov**. Epitou ou ka vizite MFP/Pòt Louvri sou entènèt nan **health.ny.gov/mfp or ilny.org**.

Sèvis Medicaid Plan Nou an Pa Kouvri

Gen kèk sèvis Medicaid ke SWH NY pa kouvri men ki ka kouvri nan kad Medicaid regilye a. Ou ka jwenn sèvis sa yo nan men nenpòt founisè ki asepte Medicaid lè w itilize kat avantaj Medicaid ou a. Rele Sèvis Manm yo nan **(877) 353-0185 (TTY: 711)** si w gen yon kesyon konsènan èske SWH NY oswa Medicaid kouvri yon avantaj. Kèk nan sèvis yo Medicaid kouvri yo lè w itilize kat avantaj Medicaid ou a:

Famasi

Pifò medikaman ki sou preskripsyon ak sa ki pa sou preskripsyon yo, ni preskripsi konpoze, Medicaid regilye a oswa Medicare Part D kouvri yo si w genyen Medicare.

Kèk Sèvis Sante Mantal, sa gen ladann:

- Trètman reyabilitasyon sikyatrik entansif.
- Trètman lajounen.
- Jesyon ka pou maladi mantal grav e ki kwonik (pwomotè a se eta a oswa inite sante mantal lokal yo).
- Swen pasyèl nan lopital pa kouvri pa Medicare.
- Sèvis reyabilitasyon pou moun ki nan mezon kominotè oswa ki nan trètman sou baz fanmi.
- Trètman lajounen kontini.
- Trètman kominotè dirèk.
- Sèvis oryantasyon rekouvreman pèsonalize.

Kèk Sèvis Andikap Entèlektyèl ak Developmantal, sa gen ladann:

- Terapi alontèm.
- Trètman lajounen.
- Sèvis kowòdinasyon Medicaid.
- Sèvis ki resevwa anba Sèvis Dispans Adomisil ak sou Baz kominotè.

Lòt Sèvis Medicaid ki gen ladan yo:

- Trètman metadòn.
- Terapi Obsève Dirèkteman pou tibèkiloz (TB).
- Jesyon ka HIV COBRA.
- Planifikasyon familyal.
- Kèk medikaman pou amelyore ovilasyon ki nesesè nan domèn medikal, lè w ranpli kondisyon yo.

Sèvis SWH NY oswa Medicaid Pa Kouvri

Ou dwe peye pou sèvis ke SWH NY oswa Medicaid pa kouvri si founisè w la di w alavans ke sèvis sa yo pa kouvri, e ou dakò peye pou yo. Egzanp sèvis SWH NY oswa Medicaid pa ouvri se:

- Chiriji estetik si li pa nesesè nan domèn medikal.
- Atik pèsonèl ak sa ki pou rekonfòte w.
- Sèvis yon founisè ki pa nan plan an (amwenske SWH NY voye w kot founisè sa a).

Si w genyen nenpòt kesyon, rele Sèvis Manm yo nan **(877) 353-0185 (TTY: 711)**.



Otorizasyon, Aksyon ak Aksyon Apèl pou Sèvis

Lè ou mande apwobasyon pou yon trètman oswa sèvis, yo rele sa yon demann otorizasyon pou sèvis. Pou w soumèt yon demann otorizasyon pou sèvis, ou menm oswa founisè w la ka rele nimewo Sèvis Manm nou an gratis nan **(877) 353-0185 (TTY: 711)** oswa voye demann ou an alekri nan 15 MetroTech Center, 11th Floor, Brooklyn, NY 11201.

N ap otorize sèvis jiska yon sèten montan ak pou yon peryòd espesifik. Yo rele sa yon peryòd otorizasyon.

Otorizasyon Alavans

Kèk sèvis ki kouvri mande pou w gen otorizasyon alavans (apwobasyon alavans) nan men ekip jesyon itilizasyon SWH NY (Utilization management, UM) anvan ou resevwa yo oswa pou w kapab kontinye resevwa yo. Ou menm oswa yon moun ou fè konfyans ka mande pou sa. Trètman ak sèvis ki annapre yo dwe apwouye anvan ou jwenn yo:

- Swen sante lajounen pou granmoun. pou Medicaid enstitisyonèl).
- Odyoloji. • Nitrison.
- CDPAS. • Optometri.
- Swen dantè (otorizasyon alavans obligatwa pou enplan dantè). • Reyabilitasyon deyò lopital la.
- DME (otorizasyon alavans ka obligatwa pou kèk ekipman). • Swen pèsonèl (tankou asistans ak benyen, manje, abiye, mache epi al nan douch la).
- Manje ki delivre adomisil ak/oswa manje nan kad yon gwooup tankou yon gadri. • PERS.
- Sèvis swen sante adomisil ki pa kouvri pa Medicare ki gen ladann enfimyè, èd sante adomisil, ègoterapi, fizyoterapi ak òtofoni. • Podoloji.
- Sèvis sosyal medikal. • Swen enfimye prive.
- Founiti medikal. • Pwotèz ak òtèz.
- Swen nan mezon retrèt ki pa kouvri pa Medicare (nou sipoze ou kalifye • Terapi Respiratwa.
-
- Gadri sosyal.
- Sipò sosyal/anviwònmantal (tankou travay nan kay, modifikasyon nan kay oswa repo).

Revizyon Aktyèl

Epitou ou ka mande SWH NY pou w jwenn plis nan yon sèvis ke w ap resevwa kounye a. Yo rele sa revizyon aktyèl.

Revizyon Retwospektif

Pafwa n ap fè yon revizyon sou swen w ap resevwa pou wè si w toujou bezwen swen an. Nou ka revize tou lòt trètman ak sèvis ou te deja resevwa. Yo rele sa revizyon retwospektif. N ap fè w konnen si nou fè revizyon sa yo.

Kisa ki rive aprè nou fin jwenn demann pou otorizasyon sèvis ou a?

Plan an genyon yon eki previzyon pou asire ou jwenn sèvis nou pwomèt ou yo. Doktè yo ak enfimyè yo nan ekip revizyon an. Travay yo se asire trètman oswa sèvis ou te mande yo se bagay ki nesesè nan domèn medikal e yo apwopriye pou ou. Yo fè sa lè yo verifye plan trètman w lan parapò ak estanda medikal ki akzeptab yo.

Nou ka deside refize yon demann otorizasyon sèvis oswa apwouve l pou yon montan ki pi piti pase ki nan demann nan. Desizyon sa yo ap pran pa mwayen yon pwofesyonèl swen sante ki kalifye. Si nou deside ke sèvis ou mande a pa nesesè nan domèn medikal, se yon moun k ap fè revizyon nan klinik lan k ap pran desizyon sa a, li ka yon doktè, yon enfimyè oswa yon pwofesyonèl swen sante ki an jeneral bay swen ou mande a. Ou ka mande estanda medikal espesifik yo, ke yo rele kritè revizyon klinik, ke yo te itilize pou pran desizyon an nan kad aksyon ki gen rapò ak nesesite medikal.


Aprè nou fin resevwa demann ou an, n ap revize l nan kad yon pwosesis estanda oswa akselere. Ou menm oswa doktè w la ka mande pou yon revizyon akselere si yo kwè ke yon reta ka lakòz ou genyen yon gwo pwoblèm sante. Si demann ou fè pou yon revizyon akselere a refize, n ap fè w konnen sa e n ap trete demann ou an nan kad pwosesis revizyon estanda a. Nan tout ka yo, n ap revize demann ou an nan vîtes eta sante w mande nou fè sa, men pa pita ke dat ki pi ba a.

Delè pou demann otorizasyon alavans

Revizyon estanda:	Revizyon akselere:
N ap pran yon desizyon konsènan demann ou an nan espas twa (3) jou ouvrab apati lè nou genyen tout enfòmasyon nou bezwen yo, men w ap tande nou pou pita 14 jou aprè nou resevwa demann ou an. Nan zòn 14 zyèm jou a n ap fè w konnen si nou bezwen plis enfòmasyon.	N ap pran yon desizyon e w ap tande nou nan espas 72 èdtan. N ap fè w konnen nan espas 72 èdtan si nou bezwen plis enfòmasyon.

Delè pou demann revizyon aktyèl

Revizyon estanda:	Revizyon akselere:
N ap pran yon desizyon nan espas yon (1) jou ouvrab apati lè nou genyen tout enfòmasyon nou bezwen yo, men w ap tande nou pou pita 14 jou aprè nou resevwa demann ou an.	N ap pran yon desizyon nan espas yon (1) jou ouvrab apati lè nou genyen tout enfòmasyon nou bezwen yo. W ap tande nou nan espas 72 èdtan aprè nou fin resevwa demann ou an. N ap fè w konnen nan espas (1) jou ouvrab si nou bezwen plis enfòmasyon.



Si nou bezwen plis enfòmasyon pou nou pran yon desizyon estanda oswa akselere konsènan demann sèvis ou a, delè ki pi wo yo ka pwolonje jiska 14 jou. N ap fè:

- Ekri epi di w ki enfòmasyon nou bezwen. Si demann ou an nan revizyon akselere, n ap rele w menm kote a epi voye yon avi alekri annapre.
- Di w poukisa delè a plis nan enterè w.
- Pran yon desizyon osi vit nou kapab lè nou resevwa enfòmasyon ki nesesè a, men pa pita pase 14 nou apati jou nou mande plis enfòmasyon an. Ou menm, founisè w la oswa yon moun ou fè konfyans ka mande nou tou pou pran plis tan pou n pran yon desizyon. Se kapab paske ou gen plis enfòmasyon pou w bay plan an pou ede deside sou ka w la. Ou ka fè sa lè w rele nan **(877) 353-0185 (TTY: 711)**.

Ou menm oswa yon moun ou fè konfyans ka ranpli yon plent pou plan an si w pa dakò ak desizyon nou an pou pran plis tan pou revize demann ou an. Ou menm oswa yon moun ou fè konfyans ka ranpli yon plent tou konsènan tan revizyon an pran nan New York State Department of Health lè w rele nan **(866) 712-7197**.

Si w reponn wi pou yon pati oswa tout sa ou mande yo, n ap otorize sèvis la oswa ba ou atik ou mande pou li a.

Si w reponn non pou yon pati oswa tout sa ou mande yo, n ap voye yon avi alekri ba ou ki esplike poukisa nou di non. Gade *Kijan pou m ranpli yon fòm pou apèl?* nan paj 22 ki esplike fason pou w fè apèl si w pa dakò ak desizyon nou an.

Kisa yon Aksyon ye?

Lè SWH NY rejte oswa limite sèvis ou menm oswa yon founisè mande; rejte yon demann pou yon referans; deside ke yon sèvis ou mande se pa yon avantaj ki kouvri; restriksyon, rediksyon, sispann oswa kanpe sèvis ke nou deja otorize; rejte pèman pou sèvis; pa bay sèvis atan; oswa pa pote plent oswa detèmine si w ap fè apèl nan espas tan yo mande a, tout sa yo konsidere kòm "aksyon" nan plan an. Ou ka fè apèl pou yon aksyon. (Gade Fason pou w fè apèl pou yon aksyon? nan paj 22 pou plis enfòmasyon.)

Delè avi pou aksyon

Si nou deside rejte oswa limite sèvis ou mande yo oswa deside pa peye pou tout oswa yon pati nan sèvis ki kouvri yo, n ap voye yon avi ba ou lè nou pran yon desizyon.

Si nou pwopoze pou mete restriksyon, diminye, sispann oswa kanpe yon sèvis ki otorize, n ap voye lèt nou an omwen 10 jou anvan ou eseye chanje sèvis la.

Kontni avi pou aksyon an

Nenpòt avi nou voye ba ou konsènan yon aksyon ap:

- Esplike aksyon nou te pran oswa gen entansyon pran an;
- Site rezon ki motive aksyon an sa gen ladann jistifikasyon klinik la, si genyen;
- Dekri dwa ou genyen pou w fè apèl nan men nou (sa gen ladann si ou ka gen yon dwa tou pou pwosesis apèl ekstèn eta a);
- Dekri fason pou w ranpli yon apèl entèn ak nan ki sikontans ou ka mande pou nou fè vit (akselere) revizyon apèl entèn nou an;
- Dekri disponiblite kritè revizyon klinik nou baze sou li pou n pran desizyon an, si gen nesesite medikal pou sa oswa si trètman oswa sèvis n ap pale a se yon bagay eksperimentyal oswa y ap fè rechèch sou li; epi
- Dekri enfòmasyon an, si genyen, ke ou menm ak/oswa founisè w la dwe bay yon fason pou nou pran yon desizyon sou apèl la. Avi a ap pale tou konsènan dwa ou genyen pou fè yon apèl ak Odyans Ekitab Eta a;
- Esplike diferans ant yon apèl ak yon Odyans Ekitab Eta a;
- Di ke ou dwe ranpli yon apèl anvan ou mande yon Odyans Ekitab Eta a; epi
- Esplike fason pou w mande yon apèl.

Si n ap diminye, sispann oswa kanpe yon sèis ki te otorize avi a ap di w tou ki dwa ou genyen pou w kontinye sèvis ou yo pandan y ap deside sou apèl ou a. Pou w kontinye sèvis ou yo, ou dwe mande yon apèl nan espas 10 jou apati dat avi a oswa dat pwobab aksyon ki pwopoze a ap antre an vigè, nenpòt sa ki vin aprè a.

Kòman pou Mwen Fè Apèl pou yon Aksyon?

Si w pa dakò ak yon aksyon nou te poze, ou ka fè apèl. Lè ou fè yon apèl, sa vle di nou dwe gade ankò pou ki rezon nou te deside pran aksyon sa a e si nou te kòrèk. Ou ka fè apèl pou yon aksyon nan plan an aloral oswa alekri. Lè plan an voye yon lèt ba ou konsènan yon aksyon ki pran (tankou refize oswa lomite sèvis, oswa pa peye pou sèvis), ou dwe fè apèl ou a nan espas 60 jou apati dat avi a. Si n ap diminye, sispann oswa kanpe yon sèvis ki te otorize e ou vle pou sèvis ou yo kontinye pandan n ap deside sou apèl ou a, ou dwe mande yon apèl nan espas 10 jou apati dat avi a oswa dat pwobab aksyon ki pwopoze a ap antre an vigè, nenpòt sa ki vin aprè a.

Kijan pou Mwen Kontakte Plan mwen an pou m fè yon Apèl?

Ou ka jwenn nou lè w rele nan **(877) 353-0185 (TTY: 711)** oswa ekri nan 15 MetroTech Center, 11th Floor, Brooklyn, NY 11201. Moun ki resevwa apèl ou a ap dokimante w, e estaf ki apwopriye a ap sipèvize revizyon apèl la. N ap voye yon avi ki di nou resevwa apèl ou a, e kijan n ap trete l. Apèl ou a

ap revize pa yon estak klinik ki konn domèn nan ki pat enplike nan desizyon inisyal plan an oswa aksyon ou fè apèl kont li a.

Pou kèk aksyon ou ka mande pou w kontinye resevwa sèvis pandan pwosesis apèl la

Si w ap fè apèl pou yon restriksyon, diminisyon, sispanson oswa poutèt yo kanpe sèvis ke ou otorize resevwa kounye a, ou dwe fè apèl plan an pou w kontinye resevwa sèvis sa yo pandan y ap deside sou apèl ou a. Nou dwe kontinye sèvis ou yo si w fè yon apèl plan an pou pita 10 jou apati dat avi a konsènan restriksyon, diminisyon, sispanson oswa pou yo kanpe sèvis yo oswa dat pwobab aksyon ki pwopoze a ap antre an vigè, nenpòt sa ki vin aprè a. Pou konnen kijan pou w mande apèl pou yon plan epi pou w mande èd pou w kontinye, gade **Kijan pou mwen Fè Apèl pou yon Aksyon?** pi wo a.

Menmsi ou mande pou yo kontinye sèvis yo, si apèl plan an pa deside an favè w, nou ka mande w peye pou sèvis sa yo si yo te bay yo sèlman paske ou te mande pou w kontinye resevwa yo pandan ka pa w la te nan revizyon.

Konbyen Tan I ap Pran pou Plan an Deside sou Apèl sou Aksyon Mwen an?

Amwenske apèl ou a akselere, n ap revize apèl sou aksyon nou te pran an tankou yon apèl estanda. N ap voye yon desizyon ba ou alekri byen rapid jan eta sante w mande sa, men pa pita pase 30 jou apati dat nou resevwa apèl la. (Peryòd revizyon an ka ogmante jiska 14 jou si ou mande yon

pwolonjman oswa nou bezwen plis enfòmasyon e reta a nan enterè w.) Pandan revizyon nou an w ap gen chans prezante ka w la an pèsòn e alekri. N ap voye dosye w yo ba ou tou ki fè pati revizyon apèl la.

N ap voye yon avi ba ou konsènan desizyon nou pran sou apèl ou a sa k ap idantifye ki desizyon nou te pran ak dat nou te rive pran desizyon an.

Si nou retounen sou desizyon nou pou rejte oswa limite sèvis ou mande yo, oswa mete restriksyon, diminye, sispann oswa kanpe sèvis yo, e ou pat resevwa sèvis pandan nou t ap travay sou apèl ou a byen rapid jan kondisyon w lan mande sa. Nan kèk ka, ou ka mande yon apèl "akselere". (Gade seksyon Pwosesis *Apèl Akselere* ki pi ba a.)

Pwosesis Apèl Akselere a

N ap toujou akselere revizyon nou an si apèl ou a se konsènan demann ou fè pou w jwenn plis nan yon sèvis ou déjà ap resevwa. Si ou menm oswa founisè w la santi si yo pran tan yon apèl estanda sa ka gen gwo konsekans sou lavi w oswa sante w, ou ka mande yo fè yon revizyon akselere sou apèl ou fè pou aksyon an. N ap reponn ou pou di w ki desizyon nou pran nan espas de (2) jou ouvrab aprè nou fin resevwa tout enfòmasyon ki nesesè yo. Si tan ki pase pou nou voye desizyon nou an ba ou plis pase 72 èdtan aprè nou fin resevwa apèl ou. (Peryòd revizyon an ka ogmante jiska 14 jou si ou mande yon pwolonjman oswa nou bezwen plis enfòmasyon e reta a nan enterè w.)

Si nou pa dakò ak demann ou pou akselere apèl ou a, n ap fè tout efò posib pou kontakte w an pèsòn pou fè w konnen ke nou rejte demann ou fè pou apèl akselere a e n ap travay sou li kòm yon apèl estanda. Epitou, n ap voye yon avi alekri ba ou pou fè w konnen desizyon nou pran pou rejte demann ou an pou yon apèl akselere nan espas de (2) jou nou fin resevwa demann ou an.

Si Plan an Rejte Apèl Mwen an, Kisa Mwen Ka fè?

Si desizyon nou konsènan apèl ou a pa fin an favè w nèt, avi w ap resevwa a ap esplike dwa ou genyen pou w mande yon Odyans Ekitab Eta a nan men Medicaid nan eta New York ak fason pou w jwenn yon Odyans Ekitab Eta a ki ka parèt nan Odyans Ekitab Eta a nan plas ou e pou kèk apèl, dwa ou pou w mande pou resevwa sèvis pandan odyans ou a ap dewoule ak fason pou w fè demann la.

Remak: Ou dwe mande yon Odyans Ekitab Eta a nan espas 120 jou kalandriye aprè dat ki sou Dènye Avi Desizyon Defavorab la. Si nou rejte apèl ou a akoz pwoblèm nan kesyon nesesite medikal oswa paske sèvis n ap pale a se te yon bagay eksperimental oswa y ap fè rechèch sou li, avi a ap esplike tou fason pou w mande Eta New York pou yon "apèl ekstèn" sou desizyon nou an.

Odyans Ekitab Eta a

Si nou rejte apèl pou plan ou fè a oswa nou pat voye Dènye Avi Desizyon Defavorab la nan delè ki prevwa a anba "*Konbyen Tan I ap Pran pou Plan an Deside sou Apèl sou Aksyon Mwen an?*" pi wo a, ou ka mande yon Odyans Ekitab Eta a nan Eta New York. Desizyon Odyans Ekitab la ka elimine desizyon pa nou an. Ou dwe mande yon Odyans Ekitab Eta a nan espas 120 jou kalandriye apati dat nou te voye ba ou Dènye Avi Desizyon Defavorab la.

Si n ap diminye, sispann oswa kanpe yon sèvis ki te otorize e ou vle asire w ke sèvis ou yo kontinye pandan Odyans Ekitab Eta a ann atant, ou dwe fè demann pou Odyans Ekitab Eta a nan espas 10 jou apati dat ki sou Dènye Avi Desizyon Defavorab la.

Avantaj ou yo ap kontinye jiskaske ou retire odyans Ekitab Eta a oswa Ofisyè Odyans Ekitab Eta a pran yon desizyon ki pa an favè w, kèlkeswa sa ki rive anvan an.

Si Ofisyè Odyans Ekitab Eta a ranvèse desizyon nou an, nou dwe asire nou ke ou resevwa sèvis n ap pale sou li yo e menm kote kondisyon sante w egzije sa. Si w t ap resevwa sèvis n ap pale sou li a pandan apèl ou a te ann atant, n ap responsab pou pèman pou sèvis ki kouvri yo ke Ofisyè Odyans Ekitab Eta a òdone.

Menmsi ou ka mande pou w kontinye resevwa sèvis yo pandan w ap tann desizyon Odyans Ekitab Eta a, si Odyans Ekitab Eta ou a pa deside an favè w, ou ka responsab pou w peye pou sèvis yo t ap pake sou li nan kad Odyans Ekitab Eta a.

Ou ka ranpli fòm pou Odyans Ekitab Eta a lè w kontakte Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA)

 Mande fòm nan ospitali: otda.ny.gov/hearings/request

 Voye fòm demann lan sou fòma enprime pa lapòs:
NYS Biwo Asistans Tanporè ak Andikap
Biwo Inite Odyans Swen ki Jere Odyans Administratif
PO Box 22023
Albany, NY 12201-2023

 Voye fòm demann lan sou fòma enprime pa faks: (518) 473-6735

 Demann nan telefòn:

- Liy Asistans pou Odyans Ekitab Estanda- (800) 342-3334
- Liy Asistans pou Odyans Ekitab ann Ijans- (800) 205-0110
- TTY liy asistans- 711 (mande pou operatè a rele (877) 502-6155

 Demann an pèsòn:
New York City
5 Beaver Street
New York, NY 10004

Albany
40 North Pearl Street, 15th Floor
Albany, NY 12243

Pou plis enfòmasyon sou fason pou w mande yon Odyans Ekitab Eta a, tanpri vizite:

[**otda.ny.gov/hearings/request**](http://otda.ny.gov/hearings/request)
Apèl Ekstèn Eta a

Si nou rejte apèl l ou a paske nou detèmine ke sèvis la pa nesesè nan domèn medikal oswa se yon bagay eksperimentyal oswa y ap fè rechèch sou li, ou ka

mande yon apèl ekstèn nan Eta New York la. Apèl ekstèn nan ap deside pa moun k ap revize ki pa travay pou nou oswa pou Eta New York. Moun k ap fè revizyon yo se moun ki kalifye ke Eta New York la apwouye. Ou pa gen pou w peye pou yon apèl ekstèn.

Lè nou pran yon desizyon pou rejte yon apèl paske li manke nesesè nan domèn medikal oswa sou baz sèvis la se yon bagay eksperimental oswa y ap fè rechèch sou li, n ap ba ou enfòmasyon konsènan fason pou w ranpli fòm pou yon apèl ekstèn, sa gen ladann yon fòm pou w ranpli apèl ekstèn nan ansanm ak desizyon nou pou rejte apèl la. Si w vle yon apèl ekstèn, ou dwe ranpli fòm nan ak Department of Financial Services Eta New York nan espas kat mwa apati dat nou te rejte apèl ou a.

Apèl ekstèn ou a ap gen yon desizyon ki pran sou li nan espas 30 jou. Yo ka bezwen plis tan (jiska 5 jou ouvrab) si moun k ap revize apèl ekstèn nan mande plis enfòmasyon. Moun k ap fè revizyon an ap di ni ou menm ni nou menm ki desizyon final la nan espas de jou ouvrab aprè yo fin pran desizyon an.

Ou ka jwenn yo pran yon desizyon pi rapid si doktè w ka di ke yon reta ap ba ou gwo pwoblèm sante. Yo rele sa yon apèl ekstèn akselere. Moun k ap fè revizyon apèl ekstèn nan ap deside sou yon apèl akselere nan 72 èdtan oswa mwens. Moun k ap fè revizyon an ap di ni ou menm ni nou menm desizyon ki pran an menm kote a pa telefòn oswa faks. Annapre, y ap voye yon lèt pou di w ki desizyon ki pran.

Ou ka mande pou ni Odyans Ekitab Eta a ni yon apèl ekstèn. Si w mande yon Odyans Ekitab Eta a ak yon apèl ekstèn, desizyon Ofisyè Odyans Ekitab Eta a "se li k ap konte."

Plent ak Apèl pou Plent

SWH NY ap fè tout sa l'kapab pou l'reponn ak preyokipasyon oswa pwoblèm ou yo pi vit posib epi ba ou satisfaksiyon. Ou ka itilize swa pwoesis plent ou an oswa pwoesis apèl nou an, selon kalite pwoblèm ou genyen an.

Pap gen okenn chanjman nan sèvis ou yo oswa fason estaf SWH NY la oswa yon founisè swen sante trete w akoz ou pote yon plent oswa ou fè yon apèl. N ap pwoteje vi prive w. N ap ba ou nenpòt èd ou ka bezwen pou w ranpli yon plent oswa fè yon apèl. Sa gen ladann ba ou sèvis entèprèt oswa èd si ou genyen

pwoblèm vizyon ak/oswa tandé. Ou ka chwazi yon moun (tankou yon fanmi oswa zanmi oswa founisè) pou pran aksyon pou ou. Pou w ranpli yon plent, tanpri rele nan: (877) 353-0185 (TTY: 711) oswa ekri nan: 15 MetroTech Center, 11th Floor Brooklyn, NY 11201.

Lè ou kontakte nou, w ap bezwen ban nou non w, adrès ou, nimewo telefòn ou ak detay sou pwoblèm nan.

Kisa yon Plent ye?

Yon plent se nenpòt komunikasyon ke ou voye ban nou pou di jan ou pa satisfè konsènan swen ak trètman ou resevwa nan men estaf nou an oswa founisè k ap bay sèvis ki kouvri yo. Pa egzanp, si yon moun te brital avè w, pa prezante oswa ou pa renmen kalite swen oswa sèvis ou resevwa nan men nou, ou ka ranpli yon plent ak nou.

Pwosesis Plent lan

Ou ka ranpli yon plent aloral oswa alekri ak nou. Moun ki resevwa plent ou a ap dokimante l, e estaf nan plan an ki apwopriye a ap sipèvize revizyon plent lan. N ap voye yon lèt ba ou ki di w nou resevwa plent ou an ak yon deskripsyon sou pwosesis revizyon nou an. N ap revize plent ou an epi ba ou yon repons alekri nan espas yonn nan de kalite delè.

- 1.** Si yon reta ap gen gwo enpak pou ogmante risk pou sante w, n ap deside nan espas 48 èdtan aprè nou fin resevwa enfòmasyon ki nesesè yo, men pwosesis la dwe konplete nan espas 7 jou apati dat resepsyon plent lan.
- 2.** Pou tout lòt kalite plent, n ap fè w konnen ki desizyon nou pran nan espas 45 jou aprè nou fin resevwa enfòmasyon ki nesesè yo, men pwosesis la dwe konplete nan espas 60 jou apati dat resepsyon plent lan. Peryòd revizyon an ka ogmante jiska 14 jou si ou mande sa oswa si nou bezwen plis enfòmasyon e reta a nan enterè w.

Repons nou an ap dekri sa nou te jwenn lè nou te revize plent ou an ak desizyon nou konsènan plent ou an.

Kijan pou Mwen fè Apèl Desizyon sou yon Plent?

Si w pa satisfè ak desizyon nou te pran konsènan plent ou an, ou ka mande yon dezyèm revizyon sou pwoblèm ou an lè w ranpli yon apèl pou plent. Ou dwe ranpli yon apèl pou plent aloral oswa alekri. Li dwe ranpli nan espas 60 jou ouvrab apati dat desizyon inisyal nou an konsènan plent ou an. Yonfwa nou resevwa apèl ou a, n ap voye di w nou resevwa l alekri nan espas 15 jou ouvrab e l ap di w non, adrès ak nimewo telefòn moun nou deziyen ki pou reponn apèl ou a. Tout apèl pou plent yo ap fèt pa pwofesyonèl ki apwopriye, sa gen ladann pwofesyonèl swen sante pou plent tankou sa ki gen rapò ak klinik, ki pat enplike nan desizyon konfòm inisyal la.

Pou apèl pou plent estanda yo, n ap pran yon desizyon sou apèl la nan espas 30 jou ouvrab aprè nou fin resevwa tout enfòmasyon ki nesesè yo pou n pran desizyon nou an. Si yon reta nan pran desizyon nou an ap gen gwo efè nan ogmante risk pou sante w, n ap itilize pwosesis apèl pou plent akselere a. Pou apèl pou plent akselere,

n ap pran desizyon sou apèl la nan espas de (2) jou ouvrab apati dat nou resevwa enfòmasyon ki nesesè yo. Pou ni apèl pou plent estande ni pou sa ki akselere, n ap ba ou desizyon nou nan yon avi alekri pou apèl pou plent ou a. Avi a ap genyen ladann rezon detaye ki fè nou pran desizyon nou an epi, nan ka kote sa gen rapò ak bagay klinik, jistifikasyon klinik pou desizyon nou an.

Abit Patisipan

Abit patisipan an, yo rele Rezo Defans Konsomatè Endepandan (Independent Consumer Advocacy Network, ICAN), se yon òganizasyon endepandan ki bay sèvis arbitraj gratis pou benefisyè swen alontèm nan eta New York. Ou ka genyen konsèy endepandan gratis konsènan kouvèti, plent ak opsyon apèl ou yo. Sa ka ede w jere pwosesis apèl la. Yo ka bay sipò tou anvan ou enskri nan

yon plan MLTC tankou SWH NY. Sipò sa a gen ladann konsèy sou chwa plan sante ou ka fè konfyans ak enfòmasyon jeneral sou plan an. Kontakte ICAN pou w aprann plis konsènan sèvis yo ofri yo:



Telefòn:
(844) 614-8800
TTY: 711)



Entènèt:
icannys.org



Imèl:
ican@cssny.org

Retire enskripsyon nan plan MLTC SWH NY la

Yo pap retire enskripsyon w nan plan MLTC a sou baz nenpòt nan rezon ki annapre yo:

- Anpil itilizasyon sèvis medikal ki kouvri yo.
- Yon kondisyon ki deja egziste oswa yon chanjman nan sante w.
- Kapasite mantal ki diminye oswa ki pa kowoperatif oswa konpòtman pètibatè ki rive akoz bezwen espesyal ou yo amwenske rezulta konpòtman sa yo fè w vin pa kalifye pou MLTC.

Retire Enskripsyon Volontèman

Ou ka mande pou w kite SWH NY nenpòt lè pou nenpòt rezon. Pou w mande retire enskripsyon w, rele nan **(877) 353-0185 (TTY: 711)**, oswa ou ka ekri nou.

Plan an ap ba ou konfirmasyon alekri pou demann ou an. N ap mete ladann yon fòm pou retire enskripsyon volontèman pou w siyen epi voye tounen ban nou. Sa ka pran jiska sis semèn pou yo travay sou li, selon dat demann ou an te resevwa a. Ou ka retire enskripsyon w nan Medicaid regilye a oswa antre nan yon lòt plan sante toutotan ou kalifye. Si ou kontinye mande CBLTSS, tankou swen pèsonèl, ou dwe antre nan yon lòt plan MLTC, plan swen Medicaid ap jere oswa pwogram Dispans Adomisil ak Kominotè yon fason pou w resevwa CBLTSS.

Transfè

Ou ka eseye plan nou an pandan 90 jou. Ou ka kite SWH NY epi transfere e antre nan yon lòt plan nenpòt lè pandan tan sa. Si w pa kite nan premye 90 jou

yo, ou dwe rete nan SWH NY pou nèf mwa anplis amwenske ou gen yon bon rezon (akoz yon bagay serye.)

- Ou demenaje andeyò zòn sèvis nou an.
- Ou menm, plan an, Department of Social Services konte ou ye a oswa New York State Department of Health tout dakò ke kite SWH NY pi bon pou ou.
- Founisè swen adomisil aktyèl ou a pa travay ak plan nou an.
- Nou pat rive ba ou sèvis jan nou te dwe fè sa dapre kontra nou ak Eta a.

Si ou kalifye, ou ka chanje nan yon lòt kalite plan swen alontèm y ap jere tankou Medicaid Advantage Plus (MAP) oswa Programs of All-Inclusive Care for the Elderly (PACE) nenpòt lè san yon bon rezon. Pou w chanje plan rele New York Medicaid Choice nan (888) 401-6582. Konseye New York Medicaid Choice yo ka ede w chanje plan sante.

Li ka pran ant de a sis semèn pou enskripsyón w nan novo plan an antre an vigè. W ap jwenn yon avi nan men New York Medicaid Choice ki di w dat w ap enskri nan novo plan ou a. SWH NY ap kontinye ba ou swen ou bezwen jis nan moman sa.

Rele New York Medicaid Choice si w bezwen mande aksyon ki pi rapid paske tan li pran pou transfere plan yo ap nefas pou sante w. Ou ka mande yo tou pou yo fè aksyon ki pi rapid si w te di New York Medicaid Choice ke ou pat dakò enskri nan SWH NY.

Retire enskripsyón envolontèman

Retire enskripsyón envolontèman se yon pwosesis SWH NY inisyé. Si ou pa mande pou yo retire enskripsyón w envolontèman, nou dwe demare pwosesis retire enskripsyón envolontèman an nan espas senk (5) jou ouvrab apati dat nou konnen ou gen nenpòt rezon pou nou retire enskripsyón w envolontèman.

W ap oblige kite SWH NY si ou:

- Pa kalifye pou Medicaid ankò.
- Demenaje yon fason pèmanan kite zòn sèvis SWH NY.
- Ou pa nan zòn sèvis plan an pandan plis pase 30 jou yonn dèyè lòt.
- Ou bezwen swen nan mezon retrèt men ou pa kalifye pou Medicaid enstitisyonèl.
- Ou ospitalize oswa antre nan yon Biwo Sante Mantal, Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal oswa Biwo pwogram rezidansyèl Sèvis Alkolik ak Abi Sibstans pandan karannsenk (45) jou yonn dèyè lòt oswa plis.
- Yo evalye ou e yo wè ou pa gen bezwen fonksyonèl oswa klinik ankò pou CBLTSS chak mwa.
- Ou gen Medicaid sèlman e ou pa reponn ak nivo swen mezon retrèt la jan yo detèmine sa lè yo itilize zouti evalyasyon ke yo te chwazi.
- Ou resevwa sèlman sèvis gadri sosyal.

- Ou pa bezwen, e w ap resevwa, omwen yon CBLTSS nan chak mwa kalandriye.
- Nenpòt lè y ap fè reyevalyasyon pandan w ap viv nan kominate a, yo detèmine ke ou pa demontre bezwen fonksyonèl oswa klinik ankò pou CBLTSS.
- Ou nan prizon.
- Ou bay plan an fo enfòmasyon, oswa itilize twonpri, oswa angaje nan aktivite fwod nan respè pou nenpòt aspè sibstansyèl antanke manm nan plan an.

Nou ka mande w kite SWH NY si ou:

- Oswa manm fanmi oswa moun k ap bay swen yon fason enfòmèl oswa lòt moun nan kay la angaje nan konduit oswa konpòtman ki lakoz plan an vrèman pa ka bay sèvis yo.
- Ou pa peye oswa fè aranjman pou w peye montan lajan Department of Social Services Lokal la mande a, ke ou dwe plan an kòm depans/lajan anplis nan espas 30 jou aprè ou vin dwe montan sa a. N ap fè efò ki rezonab pou ranmase l.

Anvan yo retire enskripsyon w envolontèman, SWH NY ap jwenn apwobasyon New York Medicaid Choice (NYMC) oswa antite eta a deziyen. Dat retire enskripsyon an ap antre an vigè se premye jou nan mwa ki vini aprè mwa kote w vin pa kalifye pou enskripsiyan an. Si w kontinye bezwen CBLTSS y ap mande w pou w chwazi yon lòt plan oswa y ap mete w nan yon lòt plan otomatikman (asiyasyon otomatik).

Konpetans Kiltirèl ak Lenguistik

SWH NY onore kwayans ou e nou sansib ak divèsite kiltirèl. Nou respekte kilti w ak idantite kiltirèl ou epi travay pou elimine diferans kiltirèl. Nou kenbe yon rezo founisè konpetan ki enklizif nan domèn kiltirèl epi fè pwomosyon ak asire livrezon sèvis yo yon fason ki apwopriye nan domèn kiltirèl pou tout manm yo. Sa gen ladann, men se pa sa sèlman, moun ki limite nan Anglè, divès oriigin kiltirèl ak etnik epi divès kominate sou baz lafwa yo.

Dwa ak Responsabilite Manm yo

SWH NY ap fè tout efò pou asire tout manm yo trete ak diyote ak respè. Nan moman enskripsiyan an, jesyonè swen sante w la ap eslike w dwa ak responsabilite w. Si w mande sèvis entèprèt, jesyonè swen w lan ap fè aranjman pou sa. Estaf la ap fè tout efò pou asiste w nan egzèsis dwa ou yo.

Dwa Manm yo

- Ou gen dwa pou w resevwa swen ki nesesè nan domèn medikal.
- Ou gen dwa pou w jwenn aksè ak swen ak sèvis yo atan.
- Ou gen dwa pou pwoteje vi prive w konsènan dosye medikal ou ak lè ou resevwa trètman.

- Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon sou opsyon trètman ki disponib yo ak altènativ ki prezante yon fason ak nan yon lang ou konprann.
- Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon nan yon lang ou konprann; ou ka jwenn sèvis tradiksyon aloral gratis.
- Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon ki nesesè pou w bay konsantman enfòme anvan trètman an kòmanse.
- Ou gen dwa pou yo trete w ak respè ak diyite.
- Ou gen dwa pou w jwenn yon kopi nan dosye medikal ou epi mande pou dosye yo amande oswa korije.
- Ou gen dwa pou w patisipe nan pran desizyon konsènan swen sante w, sa gen ladann dwa pou w refize trètman.
- Ou gen dwa pou w lib de tout kalite restriksyon oswa izòlman yo itilize kòm yon fòm manipilasyon, disiplin, komodite oswa reprezay.
- Ou gen dwa pou w jwenn swen kèlkeswa sèks, ras, estati sante, koulè, laj, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, estati matrimonyal oswa reliyon.
- Ou gen dwa pou yo di w ki kote, kilè e kijan pou w jwenn sèvis ou bezwen yo nan men plan alontèm y ap jere pou ou a, sa gen ladann fason pou w jwenn avantaj ki kouvri yo nan men founisè ki pa nan rezo a si yo pa disponib nan rezo plan an.
- Ou gen dwa pou w pote plent nan New York State Department of Health la oswa Department of Social Services Lokal ou a.
- Ou gen dwa pou w itilize Sistèm Odyans Ekitab Eta New York la epi/oswa yon Apèl Ekstèn Eta New York, kote sa apwopriye.
- Ou gen dwa pou w mete yon moun pou pale pou ou konsènan swen ak trètman ou.
- Ou gen dwa pou w chèche asistans nan men pwogram Abit patisipan an.

Responsabilite Manm yo

- Resevwa sèvis ki kouvri atravè SWH NY.
- Itilize rezo founisè SWH NY la pou sèvis ki kouvri yo nan mezi founisè nan rezo a disponib.
- Jwenn otorizasyon alavans pou sèvis ki kouvri, sof pou sèvis ki te deja apwouve ki kouvri oswa nan ka ijans; al kay doktè w, si vin gen yon chanjman nan eta sante w.
- Pataje enfòmasyon sante ki konplè e ki egzak ak founisè swen sante w.
- Enfòme estaf SWH NY yo sou nenpòt chanjman nan sante w epi fè yo konnen si w pa konprann oswa ou pa ka suiv enstriksyon yo.
- Suiv plan swen ki rekòmande pa estaf SWH NY la (ak sa ou ajoute ladann).

- Kowopere ak epi demontre respè pou estaf SWH NY yo epi pa fè diskriminasyon kont estaf SWH NY yo akoz ras, koulè, orijin nasyonal, reliyon, sèks, laj, kapasite mantal oswa fizik, oryantasyon seksyèl oswa estati matrimonyal.
- Fè SWH NY konnen nan espas de jou ouvrab si w resevwa sèvis ki pa kouvri oswa ki pat deja apwouve.
- Fè ekip swen sante SWH NY ou a konnen alavans nenpòt lè ou pap lakay pou w resevwa sèvis oswa swen yo te fè aranjman pou ou.
- Enfòme SWH NY anvan ou demenaje yon fason pèmanan andeyò zòn sèvis la oswa nenpòt absans long nan zòn sèvis la.
- Aksyon ou si ou refize trètman oswa ou pa suiv enstriksyon moun k ap ba ou swen an.
- Okipe w de obligasyon finansyè w.

Direktiv Avanse

Direktiv avanse yo se dokiman legal ki asire ke demann ou yo reponn nan ka kote ou pa ka pran desizyon pou tèt ou. Direktiv avanse yo ka vini sou fòm yon mandatè swen sante, yon testaman oswa yon òdonans pou pa resisite. Dokiman sa yo ka bay enstriksyon sou ki swen ou ta renmen yo ba ou nan kèk sikorans, epi/oswa yo ka otorize yon manm fanmi an patikilye oswa yon zanmi pou pran desizyon nan plas ou.

Se dwa w pou w mete direktiv avanse jan ou swete sa. Li pi enpòtan pou ou pou dokimante fason ou ta renmen yo kontinye ba ou swen si w pa kapab ankò

pou w kominke ak founisè yo yon fason enfòme akoz maladi oswa blese. Tanpri kontakte jesyonè swen w lan pou asistans nan konplete dokiman sa yo. Si w deja genyen yon direktiv avanse, tanpri pataje yon kopi ak jesyonè swen w lan.

Enfòmasyon ki Disponib sou Demann

- Enfòmasyon konsènan estrikti ak operasyon SWH NY.
- Kritè revizyon klinik espesifik ki gen rapò ak yon kondisyon sante an patikilye ak lòt enfòmasyon ke SWH NY konsidere lè y ap otorize sèvis yo.
- Politik ak pwosedi sou enfòmasyon sante ki pwoteje.
- Deskripsyon alekri sou aranjman òganizasyonèl ak pwosedi ki anplas sou asirans kalite ak pwogram amelyorasyon pèfòmans.
- Politik akreditasyon founisè.
- Yon kopi resan eta finansye sètifye SWH NY; politik ak pwosedi SWH NY itilize pou detèmine kalifikasyon yon founisè.

33534HBMDNYHT | 250311

